

O plan mètdam malen an

Pa Èldè M. Russell Ballard

Nan Kolèj Douz Apot yo

Gen espwa pou moun ki gen adiksyon yo, e espwa sa a vini pa mwayen Ekspyasyon Senyè Jezikri a.

Frè m ak sè m yo, arive sezon lotòn nan isit la nan Montay Wochez yo pote avèk li bèl koulè fèy bwa ki transfòme soti nan vèt vini nan bèl koulè oranj, wouj, ak jòn. Pandan otòn nan, tout nati a nan yon eta tranzisyon pou prepare pou bote ivè frèt, rijid la.

Lotòn se yon epòk patikilyèman eksitan pou moun k ap peche avèk mouch atifisyèl yo, paske se epòk pwason yo rele “twit” yo pouse pa yon anvi manje enkontwolab pou yo ka prepare ak fòtifye kò yo kont rate manje ivè a.

Bi pechè ki sèvi ak mouch atifisyèl yo se pou kapte ‘twit’ pa mwayen twonpri ki abil. Moun ki fanatik lapèch la etidye konpòtman pwason an, tan an, kouran dlo a, ak tip ensèk twit la manje ak lè ensèk sa yo parèt. Li souvan fabrike sa l ap itilize yo alamen. Li konnen ke ensèk atifisyèl sa yo tache nan pwent liy nan bezwen parèt pafè pou twonpe twit la paske twit la ap idantifye nenpòt ti defo a epi l ap rejte ensèk la.

Ala yon emosyon sa ye pou gade yon twit k ap fann sifas dlo a, pran sant ensèk la epi reziste jouk li finalman epwize epi woule ladan l. Tès la se longè konesans pechè a ak talan li kont nòb twit la.

Itilizasyon pèlen atifisyèl la pou kamoufle ak atrape pwason an se yon egzanp sou fason Lisifè souvan tante, twonpe, ak eseye pyeje nou.

Menmjan ak pechè ki itilize fo ensèk la ki konnen ke pwason an pouse pa grangou a, Lisifè konnen “grangou” nou oswa feblès nou, epi li tante nou avèk fo bagay atifisyèl ki, si nou pran yo, ap lakoz li atrap nou soti nan kouran lavi a pou vin anba enfliyans enpitwayab li. E, kontrèman ak yon pechè ki atrap epi relache pwason ki pa blese a nan dlo a ankò, Lisifè pap volontèman kite nou ale. Bi li se pou rann viktim li yo mizerab tankou li.

Leyi te di: “Epi paske li [Lisifè] te tonbe soti anlè nan syèl la, e li te vin mizerab pou tout tan, li te chèche mizè pou tout limanite”(2 Nefi 2:18).

M ap ajoute vwa m sou pa Frè yo pou m di ke Lisifè se yon entèlijan epi yon malen. Youn nan metòd prensipal li itilize kont nou se abilte li pou bay manti ak twonpe pou konvenk nou ke mal se byen epi byen se mal. Depi nan kòmansman an nan gran Konsèy nan Syèl la, Satan ”te chèche pou l detwi lib abit lòm, lib abit mwen menm Senyè Bondye a, m te bay lòm nan---

“Epi l te vin tounen Satan, wi, dyab la menm, papa tout manti yo, pou twonpe epi pou vegle je lèzòm, epi pou mennen yo kaptif dapre volonte l.” (Moyiz 4:3--4)

Batay sou lib abit Bondye bay lòm nan ap kontinye jodi a. Satan ak patizan l yo gen pwòp pèlen pa yo alantou nou avèk espwa ke nou va febli epi pran nan pèlen l yo pou li ka plwaye nou avèk mwayen rize l

yo. Li itilize adiksyon pou li wete libète nou. Dapre diksyonè a, adiksyon sou nenpòt fòm vle di livre tèt bay yon bagay, kidonk, abandone libète epi vin depann de yon sibstans oswa yon konpòtman k ap detwui lavi.¹

Moun k ap fè rechèch yo di nou ke gen yon mekanis nan sèvo nou yo rele sant plezi.² Lè l aktive pa kèk dwòg oubyen konpòtman, li domine pati nan sèvo nou ki gouvène volonte, jijman, lojik, ak moralite nou. Sa pòte moun ki depandan an abandone sa li konnen ki byen. Epi lè sa rive, pyèj la amòse, epi moun nan kapab vin anba enfluyans Lisifè.

Satan konnen kijan pou l eksplwate nou ak pyeje nou avèk sibstans atifisyèl ak konpòtman plezi tanporè. Mwen wè enpak la sou manm fanmi lè youn ap lite pou reprann kontwòl, pou libere tèt li anba itilizasyon ak depandans destriktè, ak pou reprann valè tèt ak endepandans.

Kèk nan dwòg ki pi kreye depandans, ki si yo abize yo, kapab detounen brenn nan epi wete libète yon moun se: nikotin; dwòg ki baze sou opyòm---ewoyin, mòfin, ak lòt analjezik; trankilizan; kokayin; alkòl, mariwana; ak metafetamin yo.

Mwen rekonesan pou doktè ki fòme pou preskri bon jan medikaman pou soulaje doulè ak soufrans yo. Malerezman, twòp moun nan kominote nou yo jodi a, enkli kèk nan pwòp manm nou yo tou, vin tonbe anba depandans medikaman yo preskri epi yo abize yo. Lisifè, papa tout manti yo, konnen sa epi li itilize enfluyans li pou vòlè lib abit moun nan epi kaptire itilzatè a avèk chenn terib li yo (gade nan 2 Nefi 28:22).

Resamman mwen te pale avèk yon sè ki te nan seksyon sikyatrik nan yon lopital. Li te pataje avèk mwen vwayaj douloure li sot nan sante mantal ak fizik total, yon bèl maryaj ak yon bèl fanmi, pou tonbe nan maladi mantal, sante detwi, ak destriksyon maryaj li---tout sa te kòmanse avèk abize yon preskripsyon analjezik.

Dezan anvan konvèsasyon nou an, li te kase ren li nan yon aksidan machin. Doktè li te preskri yon medikaman pou soulaje doulè ki te prèske ensipòtab la. Li te panse l te bezwen yon bagay ki pi fò pase sa, konsa, li te fòje preskripsyon pou tèt li, epi finalman li te jwenn mwayen pou achte ewoyin. Sa te mennen l nan arestasyon ak anprizonman. Obsesyon l pou dwòg te lakoz maryaj li kraze. Mari l te divòse avèk li epi mari a te pran timoun yo. Li te di m ke akote ede adousi doulè li a, dwòg yo te pwodui yon santiman byennèt ak felisite ki te fò anpil pou yon ti bout tan. Men chak dòz dwòg te dire sèlman kèlkezèdtan, epi avèk chak konsomasyon, dire soulajman an te vin pi kout. Li te kòmanse pran plis ak pi plis dwòg epi li te tonbe nan sèk visye adiksyon an. Li te vin viv pou dwòg yo. Jou swa anvan m te pale avèk li a, li te eseye swiside tèt li. Li te di li pa t kapab kontinye avèk doulè fizik, emosyonèl ak espirityèl la ankò. Li te santi l pran nan pyèj san mwayen pou sot---san espwa.

Pwoblèm sè sa a avèk preskripsyon an ak abi lòt dwòg la pa izole; sa rive toupatou bò kote nou. Nan kèk kote, plis moun mouri akòz abi dwòg yo preskri yo pase yo mouri nan aksidan machin.³ Frè m ak sè m yo, rete lwen kèlkeswa pwodui ki ka pyeje nou--- menm yon ti rale nan yon bagay oswa yon konprime oswa yon gòje alkòl kapab mennen nou nan adiksyon. Yon reskape alkòl te rakonte m ke se jis yon ti mouye gòj ki diferans ant retounen nan adiksyon an oubyen rete san bwè a. Satan konnen sa. Pa kite l atrap nou avèk pèlen atifisyèl li yo ki kapab fè nou byen vit tonbe nan adiksyon yo.

Kounyeya, frè m ak sè m yo, tanpri pa malentèprete sa m ap di la a. Mwen p ap kesyone preskripsyon medikaman pou moun k ap soufri maladi tretab oubyen gwo doulè fizik. Anfèt yo se yon benediksyon. Sa m ap di la a sèke nou bezwen byen suiv dòz doktè yo preskri nou yo. Epi nou bezwen mete medikaman sa yo nan yon plas ki ansekirite kote timoun yo oubyen nenpòt lòt moun pa gen aksè nan yo.

Gen gwo preokipasyon tou konsènan kèk nan konpòtman adiktif sounwa tankou jwèt aza ak mal pònografi ki si pèsònèlman destriktè ak si komen nan sosyete nou an. Sonje, frè ak sè m yo, nenpòt kalite adiksyon nou genyen se livre tèt nou anba yon bagay, epi konsa abandone libète nou epi vin depandan. Konsa, nou dwe ajoute videyogem ak tèksmesaj sou telefòn selilè nan lis nou an. Kèk moun ki jwe gem deklare ke yo pase jiska dizwitèdtan pa jou soti nan yon etap videyogem pou al nan yon lòt. Yo atenn yon pwen kote yo pa ka kite jwèt yo, epi yo neglije tout lòt aspè lavi yo. Voye tèksmesaj sou telefòn selilè kapab yon adiksyon ki lakoz kominikasyon imen enpòtan ant moun pèdi tou. Sa pa gen lontan yon evèk te di m ke de nan jèn ni yo te kanpe kòtakòt youn ap voye tèks bay lòt olye youn pale ak lòt.

Rechèch medikal dekri adiksyon kòm yon "maladi sèvo."⁴ Sa se vre, men mwen kwè ke depi Satan gen yon moun anba grif li, sa vin tounen tou yon maladi lespri tou. Men nan kèlkeswa adiksyon yon moun tonbe, toujou gen espwa. Pwofèt Leyi te anseye pitit gason l yo verite etènèl sa a:

“ Se poutèt sa, lèzòm lib dapre kò fizik la, e yo resevwa tout bagay ki nesèsè pou moun. Epi yo lib pou yo chwazi libète ak lavi etènèl pa mwayen gran Medyatè a ki pou tout moun nan, oubyen yo kapab chwazi kaptivite ak lanmò, dapre kaptivite ak pouvwa dyab la.”(2Nefi 2:27).

Si yon moun ki tonbe nan adiksyon gen dezi pou simonte sa, lè sa a gen yon mwayen pou li jwenn libète espirityèl---yon wout pou li chape anba esklavaj---yon mwayen ki deja fè prèv li. Li kòmanse avèk lapriyè--kominikasyon sensè, fèvan epi konstan avèk Kreyatè espri ak kò nou an---Papa nou ki nan Syèl la. Se menm wout la nou suiv lè n ap eseye debarase n de yon move abitud oubyen repanti pou nenpòt kalite peche. Fòmil pou fè kè nou, kò nou, ak lespri nou transfòme a, nou jwenn ni nan ekriti yo.

Pwofèt Mòmmon te konseye nou:

“Se poutèt sa, frè byenneme m yo, priye Papa a avèk tout enèji kè nou, pou nou kapab chaje avèk lanmou l... pou nou kapab vin tounen pitit Bondye..... pou nou pirifye menm jan li pi a”(Mowoni 7:48).

Ekriti sa a ak anpil lòt temwaye nou ke gen espwa pou moun ki adikte yo epi espwa sa a vini atravè Sakrifis Ekspiyatwa Senyè Jezikri a ak nan bese tèt nou devan Bondye, nan priye pou nou libere anba esklavaj adiksyon an epi ofri kè nou ak volonte nou ba li nan lapriyè fèvan.

Dirijan Prèttriz yo kapab ede lè moun ki gen adiksyon yo vin chèche konsèy nan men yo. Kote sa nesèsè, y ap kapab refere yo bay konseye lisansye kalifye ak LDS Family Services (Depatman Legliz la ki okipe zafè famiyal yo). Pwogram reyabilitasyon anba adiksyon an, adapte ak premye douz etap Alkowlolik Anonim yo, fasilman disponib atravè LDS Family Services la.

Pou moun k ap lite avèk yon adiksyon pèsònèl oubyen andedan fanmi yo, m ap repete, priyè fèvan se kle pou n akeri fòs espirityèl k ap pèmèt nou jwenn lapè ak simonte yon anvi. Papa nou ki nan syèl la renmen tout pitit li, se poutèt sa, nou dwe di l mèsè epi ekprime lafwa sensè nan li. Mande l fòs pou nou simonte anvi adiktif nou genyen an. Depoze lògèy nou epi lage lavi nou ak kè nou ba li. Mande l pou nou ranpli avèk pouvwa amou pi Kris la. Nou gen dwa oblije fè sa anpil fwa, men mwen temwaye nou, ke kò nou, panse nou ak lespri nou kapab transfòme, netwaye epi geri---epi nou va libere. Jezi te di: “Se mwen menm ki limyè ka p klere tout moun ki sou latè; moun ki suiv mwen pa p janm mache nan fènwa, men li va gen limyè ki bay lavi a” (Jan 8:12).

Paske bi nou se vin plis menmjan ak Sovè nou an epi finalman kalifye pou viv avèk Papa nou ki nan syèl la, nou chak bezwen depoze tout lògèy pou nou fè eksperyans gwo chanjman nan kè nou Pwofèt Alma nan Liv Mòmmon an te dekri a (gade Alma 5:14). Lanmou nou pou Papa nou ki nan Syèl la ak pou Senyè Jezikri bezwen reflekte nan chwa ak aksyon chak jou nou yo. Yo pwomèt moun ki respekte kòmandman yo, lapè,

lajwa, ak bonè.

Frè m ak sè m yo, se pou nou tout fè atansyon ak ensèk atifisyèl pechè lòm plen riz la, Lisifè ap prezante nou yo. Se pou nou gen sa jès ak limyè espirityèl pou nou disène epi refize pil òf danjere l yo.

Epi, pou nou moun deja tonbe viktim anba nenpò kalite adiksyon, gen espwa, paske Bondye renmen tout pitit li, epi paske Sakrifis Ekspiyatwa ak lanmou Senyè Jezikri rann tout bagay posib.

Mwen konn wè bèl benediksyon gerizon ki kapab rann yon moun lib anba chenn adiksyon. Senyè a se Bèje nou e nou pa dwe pè anyen si nou mete konfyans nou nan pouvwa Ekspyasyon an. Mwen konnen Senyè a kapab e l ap libere moun ki gen adiksyon yo anba esklavaj yo tonbe a, paske jan Apot Pòl te pwoklame a: “Mwen kapab fè tout bagay granmesi Kris la ki ban mwen fòs kouraj” {Filipyen 4:13}. Mwen priye, frè m ak sè m yo, pou sa kapab konsa pou moun ki ap lite anba defi sa a nan moman sa a nan lavi yo, e mwen fè sa enbleman nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Antanke yon non, *adiksyon* gen twa siyifikasyon, youn se “domine pa yon mèt” (audioenglish.net/dictionary/addiction.htm).
2. Gade National Institute on Drug Abuse, *Drugs, Brains, and Behavior—the Science of Addiction* (2010), 18, drugabuse.gov/scienceofaddiction/sciofaddiction.pdf.
3. Gade Erika Potter, “Drug Deaths Overtake Auto Deaths in Utah,” Dec. 2009, universe.byu.edu/node/4477.
4. Gade National Institute on Drug Abuse, “The Neurobiology of Drug Addiction,” section IV, no. 30, drugabuse.gov/pubs/teaching/teaching2/teaching5.html; see also drugabuse.gov/funding/budget08.html.